



GWOSÈS

**Konnen opsyon ou yo,
jwenn enfòmasyon yo**



Tout moun gen dwa pou yo ekzat, kiltirèlman konpetan, resevwa sèvis planin fanmiyal san jijman. **san ke founisè a pa presire yo oswa fè yo wont.** Pi bon pratik nan klinik ki soti nan plis pase 35 òganizasyon pwofesyonèl ekspè te konbine pou kreye direktiv nasyonal ki defini nòm de swen pou prestatè ki ap bay planin fanmiyal. Regleman sa yo, ke yo rekonèt sou non bay Quality Family Planning (QFP) (Planin Fanmi de Kalite), fè li klè ke ou merite tout enfòmasyon ou bezwen pou ou decide si ou pare pou gwosès.

Sèvis yo disponib nan NYS Family Planning (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) ak/oswa asirans ou. Ou pa genyen asirans? Ou ka ale nan New York State of Health (Sante Nan Vil Nouyòk) nystateofhealth.ny.gov, pou jwenn opsyon asirans abòdab pou ou oswa ou ka mande yon founisè planin fanmi pou ede ou.

Ou Panse Ke ou Ka Ansent?

Ou gen chwa epi yo gen dwa pou w konplete enfòmasyon sou tout opsyon ou yo **san sipozisyon sou idantite ou oswa fanmi ou, ou santi founisè ou a presire ou oswa fè ou wont.**

Swen Prenatal

Ou vle kontinye gwosès ou pou paran oswa pou adopsyon? Antre nan swen prenatal pi vit ke posib pou w asire w ke ou ak gwosès ou a an sante. Founisè swen prenatal pral kontwole sante ou ak devlopman gwosès ou an, tankou tès depistaj pou kondisyon ki ka gen enpak sou gwosès ou oswa sante ou. Swen Prenatal disponib atravè asirans ou oswa atravè pwoteksyon Medicaid elaji. Si ou pa gen yon founisè swen prenatal ou ka ale kay yon founisè NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk), mande konpayi asirans ou a, oswa rele liy dirèk Growing Up Healthy (Grandi An Sante) nan 1-800-522-5006 pou plis enfòmasyon.

Paran

Eske w prè pou w yon paran? Eta Nouyòk gen sèvis pou sipòte oumenm ak fanmi w kap grandi. Rele liy dirèk Growing Up Healthy (Grandi An Sante) nan 1-800-522-5006 pou plis enfòmasyon ak sèvis ki ka disponib pou ou. Ou ka kalifye pou:

- Vizitè matènèl lakay ki ka ba ou sipò pandan ak aprè gwosès ou.
- Special Supplemental Nutrition Program for Women Infants and Children (Pwogram Nitrisyon Espesyal Sipleman tè pou Fi ki gen ti laj ak Timoun yo (WIC)) ap ofri ou ak bebe w aksè pou w jwenn manje ki an bon pou sante, sipò pou bay tete ak konsèy sou nitrisyon.
- Asirans Sante nan New York State of Health (Sante Nan Vil Nouyòk), nystateofhealth.ny.gov.
- Sèvis gad abòdab e ki gen kalite disponib nan Office of Children and Family Services (Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi) (OCFS).

Sèvis Adopsyon

Si wap konsidere adopsyon, ou ka pale ak founisè NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) la, oswa ou ka jwenn plis enfòmasyon nan men OCFS.

Sèvis Adopsyon

Ou ka fè avòtman san danje epi li legal nan Nouyòk. Pale ak yon founisè planin de opsyon ki pi bon pou ou a. Sa ka genyen:

- **Avòtman nan klinik:** Sa yo se pwosedi san danje, pou pasyan ekstèn, sa vle di ou pa oblije rete pase nwit la, se yon founisè swen sante ki gen lisans ki fèl.
- **Medikaman pou avòtman:** Si ou gen mwens pase 10 semèn ansent, yon medikaman avòtman ka yon opsyon pou ou. Sa vle di ke yon founisè swen sante ba ou medikaman pandan ou ale nan klinik li epi aprè li pèmèt ou ale lakay ou ak plis medikaman pou ou ka fè avòtman an.

Asirans, ki gen ladan Medicaid, ki kouvri sèvis avòtman pou ke pri a pa yon baryè. Si ou pa gen yon founisè swen sante, ou ka pale avèk yon founisè NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) ki touprè ou.

Ou Pa Ansent?

Tou depan de si ak kilè ou vle ansent yon founisè planin fanmi bon kalite ap travay avèk ou pou ede ou chwazi ki sèvis ou bezwen. Sa ka genyen:

Planin

Si ou pa vle tonbe ansent pale ak yon founisè swen sante ki gen lisans sou planin ki satisfè bezwen mòd de vi ou yo. Tout metòd apwouve yo kouvri pa asirans nan NYS epi disponib nan NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk). Opsyon yo genyen:

- **Opsyon òmonal:** Sa yo se medikaman, ke lè yo pran yo jan yo preskri a, yo trè efikas nan anpeche gwosès Sa a gen ladan konprime planin, plak, bag, ak vaksen.

- **Kontrasepsyon Revèsib ki fè Aksyon ki Dire Lontan (LARC)**

Sa yo ka òmonal oswa non-òmonal, men ki mete pa yon founisè swen sante ki gen lisans epi yo ka dire ant 3 ak 12 ane depandan de bezwen mòd de vi ou yo. Opsyon sa yo enkli aparèy Entroterin (IUD), yo mete nan matris la, ak enplantasyon ki mete nan ponyèt ou

- **Opsyon medikaman ki vann san preskripsyon:** Sa yo ladan yo kapòt, sa asirans lan kouvri tou. Kapòt yo se sèl metòd planing ki ka pwoteje ou kont maladi seksyèlman transmisib epi yo ta dwe toujou itilize ak yon lòt opsyon planin. Kontrasepsyon ijans ki disponib tou sou kazye ke yo vann san preskripsyon. Kontrasepsyon ijans ka ede anpeche yon gwosès si ou pran li nan premye 48 a 72 èdtan apre sèks san pwoteksyon.

Swen Prekonsepsyon

Ou vle ansent? Si se konsa, di founisè swen medikal ou a ou vle ansent. Si se chwa ou, desizyon sa a ta dwe sipòte. Founisè planin bon jan kalite ap ede ou an sante pli vit ke posib anvan ou vin ansent epi asire w ke ou konnen sou tout resous ki disponib pou gen yon gwosès san danje epi ki ansante. Pale avèk founisè swen medikal ou sou sa ou bezwen fè pou ou ka an sante pi vit ke posib pou ou ka ansent.

Sèvis Enfètilite

Si ou gen difikilte pou w ansent, di founisè ou pou ou ka pale sou sèvis tretman ki disponib pou ou nan NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) ak / oswa asirans ou. Founisè planin bon jan kalite yo ap sipòte desizyon ou genyen pou ou vini yon paran.

Planin LGBT

Pou moun LGBT ak koup ki espere kreye fanmi yo avèk asistans tretman fètilite, founisè planin fanmi yo ka ede avèk tès inisyèl depistaj ak referans bay founisè espesyal ki baze sou bezwen fanmi yo.

Kote Pou ou Pran Swen Konte

Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon sou sèvis swen sante de kalite nan men founisè ou. Asire w ke founisè ou ap ofri sèvis kalite siperyè:

- **Founisè Quality Family Planning (Planin Fanmi de Kalite)** pra l ofri enfòmasyon sou kontwòl nesans, avòtman, swen prenatal, paran ak adopsyon san presyon e san patipri.
- **Founisè Quality Family Planning (Planin Fanmi de Kalite)** ap gen swen siperyè jan sa nesèsè nan NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) epi li bay pi plis sèvis sante ki a jou e syantifikman ki disponib san yo pa fè ou santi ou sou presyon.
- **Founisè Quality Family Planning (Planin Fanmi de Kalite)** pral gen lisans pou ofri sèvis nan NYS (Eta Nouyòk) epi pou kapab di w ki kalite lisans yo genyen. Founisè swen sante ki gen lisans pou ofri swen bay fanm epi bay planin tankou

Obstetrisyen (OB)

Doktè ki gen fòmasyon espesyal nan sante fanm, gwosès ak akouchman.

Fanmsaj ki gen lisans

Fanmsaj ki gen lisans yo se pwofesyonèl ki gen fòmasyon espesyal nan planin famiyal, swen prenatal ak akouchman. Fanmsaj ki gen lisans ka pran byen swen fanm ansent ki pa gen konplikasyon. Si yon pwoblèm rive, oswa ou gen bezwen ki espesyal, yon fanmsaj ap refere ou a yon obstetrisyen.

Family Practice Doctors

Family Practice Doctors (Doktè Medsin Familyal) gen fòmasyon espesyal nan swen sante nan fanmi. Ou ka deja wè pa yon doktè medsin familyal pou sante ou. Gen kèk doktè medsin familyal ki bay sèvis planin e ki pran swen fi ki gen konplikasyon nan gwosès yo epi yo ka pran anchaj anpil konplikasyon komen. Si ou ta renmen wè doktè sa a pou gwosès ou, mande si yo pran swen fanm ansent. Si yon pwoblèm rive, oswa ou gen bezwen espesyal, kèk doktè medsin familyal la ap refere ou a yon obstetrisyen.

Enfimyè - Enfimyè Praktisyèn (NP) oswa Asistan Doktè (PA)

Enfimyè Praktisyèn oswa Asistan Doktè ki, nan kèk klinik, ka bay kèk nan swen woutin pandan gwosès ou anplis wè yon doktè oswa fanmsaj. Pwofesyonèl swen sante sa yo resevwa fòmasyon pou yo bay swen prenatal.

Pa sèten si founisè ou gen lisans nan Eta Nouyòk?

Gade si yo patisipe nan NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) oswa plan asirans ou an.

NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) bay tout plan, familyal, konfidansyèl ak sèvis swen sante repwodiktif pou tout moun kèlkeswa kapasite ou gen pou peye oswa kondisyon imigrasyon ou. Si yon kliyan pa gen kouvèti asirans, ap gen yon barèm ki baze sou revni kliyan an itilize pou detèmine si yo pral peye yon frè. NYS Family Planning Program (Pwogram Planin Fanmi Eta Nouyòk) asire yon nivo swen siperyè pou tout kliyan, li ofri sèvis ki konpreyansiv, tout lè, abòdab, prèv ki baze sou, volontè, konfidansyèl ak respè.

